


# Kondwi San Danje kote ki gen Pasaj pou Pyeton

An 2023, pyeton te reprezante 20% nan kantite moun ki te mouri nan aksidan silikasyon sou wout nou yo. Si yo fè atansyon epi yo ralanti, chofè kapab redwi anpil kantite aksidan pyeton ak bisiklèt lè y ap pase nan kote ki gen pasaj pou pyeton nan lari.



## Twotwa Avanse

Yon twotwa avanse, oubyen estansyon twotwa, redwi lajè wout la pou fè twotwa a pran sou lajè lari a. Distans pou travèse ki pi kout la, ak vitès oto ki redwi a, lakòz plis sekirite pou pyeton yo.

## Konnen Kote ki gen Pasaj pou Pyeton yo

Mem si tout pasaj pou pyeton yo pa fèt menm jan, yo tout sèvi menm objektif la pou chofè: ralanti, epi rete pou kite pyeton pase san danje.

## Dan Reken

Nan kote gwo veyikil konn pase, yo sèvi avèk triyang ranvèse, ki rele "shark's teeth", pou fè pasaj pyeton yo pi vizib lè y ap pwoche kote yo. Sa montre kote chofè yo dwe kanpe oto yo, anvan yo rive nan pasan pyeton an.

*Safe Routes to School (SRTS, ki vle di "Wout lekòl ki gen sekirite") se yon pwogram gouvnman federal finanse, epi Depatman Transpò Massachusetts prezante. Pwogram SRTS la ap travay pou ranfòse sekirite elèv K-12 nan lekòl piblik k ap mache, ak monte bisiklèt, ak deplase sou wou; li sèvi avèk metòd kolaboratif, ki santre sou kominote a, pou fè kesyon sou sante ak transpò mache ansanm. Pou plis enfòmasyon: [www.mass.gov/safe-routes-to-school](http://www.mass.gov/safe-routes-to-school)*

<sup>1</sup>Rapò Anyèl WalkMassachusetts: [walkmass.org/fatal-pedestrian-crashes-in-ma-2023/](http://walkmass.org/fatal-pedestrian-crashes-in-ma-2023/)

# Respekte Pasaj Pyeton



Afich sa a di itilizatè wout yo **RALANTI** epi pare pou yo rete! Afich sa a fè chofè yo sonje kapab genyen moun toupre devan yo, k ap tann pou yo travèse wout la.



Si ou wè yon moun k ap gade anvan li travèse wout la, rete oto w la nèt anvan ou rive nan pasaj pyeton ki make a. Fè moun lan yon siy tankou yon siyal avèk men ou, pou fè li konnen ou wè li - **sekirite ale nan toude sans!**

## Kisa limyè k ap etenn ak limen yo vle di?



Gen siyal pou pasaj pyeton ki gen limyè ki etenn ak limen, pou fè konnen gen yon moun k ap travèse lari a.

## Se lalwa ki di sa!



Nan Massachusetts, yon moun k ap travèse lari nan yon pasaj pyeton gen dwa pasaj. Moun k ap kondwi oto dwe rete tann tout pyeton k ap travèse lari. Sa ilegal tou, si ou double yon lòt oto ki rete kanpe pou tann yon pyeton travèse nan yon pasaj<sup>2</sup>.

## Konsèy pou Chofè Oto

**Respekte vitès limit la.** Lè ou ralanti, sa pa sèlman redwi chans pou moun pran gwo chòk si gen yon aksidan, men sa pèmèt ou wè pi byen tou.

**Si fè nwa, rete atantif!** Lè solèy ap kouche, oubyen si move tan bare solèy la, pran plis prekosyon lè w ap kondwi kote ki gen anpil pyeton, tankou nan zòn lekòl. Pousantaj aksidan oto ki frape pyeton yo monte pandan mwa oktòb rive mwa mas.<sup>3</sup>

**Kapasite diferan, vitès diferan.** Se pa tout moun ki ka sikile nan lari a avèk menm vitès ak menm fasilité - sonje respekte kapasite chak moun, epi pran pasyans. Moun ki pa wè byen konn pa kapab gade lòt moun nan je.



## Rete Oto devan Pasaj pou Pyeton



Si ou rete oto w twò pre yon pasaj pou pyeton, sa kapab yon danje ki fè yon lòt oto frape pyeton yo. Pòtre pi ba la a montre pou kisa, lè ou kanpe oto w nan yon distans anvan pasaj pou pyeton an, sa fè ni ou menm chofè a, ni pyeton yo wè youn ak lòt pi byen.

**Pwoblèm :** Oto A rete pou kite pyeton yo janbe lari. Oto A anpeche pyeton an wè oto B, ak chofè oto B a wè pyeton an. Oto B pa rete kanpe, kidonk li ka frape pyeton an.

**Solisyon:** Oto A rete kanpe pi lwen pasaj pou pyeton an. Kounye a, pyeton an kapab wè oto B k ap vini, epi chofè oto B a kapab wè pyeton k ap janbe lari a.



<sup>2</sup>[malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter89/section11](http://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXIV/Chapter89/section11)

<sup>3</sup>Massachusetts Office of Grants and Research Traffic Safety Program (Biwo Massachusetts pou Sibvansyon ak Pwogram Rechèch pou Sekirite nan Trafik): [www.mass.gov/info-details/pedestrian-and-bicyclists-safety](http://www.mass.gov/info-details/pedestrian-and-bicyclists-safety)